

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data anu aya dina bab IV, ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Rata-rata peunteun *pretest* kamampuh nulis bahasan budaya dina aspék eusi nya éta 3,2 (Cukup-Hadé). Hartina siswa geus maham pisan mekarkeun kecap koncina relavan atawa luyu jeung judul, tapi pasoalan nu dipedar kurang lengkep. Rata-rata peunteun kamampuh nulis dina aspek organisasi nya éta 2,9 (Cukup-Hadé). Hartina éksprési siswa kurang lancar, kurang kaorganisir, tapi gagasan utama jéntré, kurang rapih, bahan anu ngarojong kawatesanan, runtuyan logis tapi teu lengkep. Rata-rata peunteun kamampuh nulis dina aspek kosa kecap nya éta 2,35 (Sedeng-Cukup). Hartina pilihan kecap siswa kurang éféktif, milih kecapna kawatesanan jeung nalika maké kosa kecapna sering salah anu ngabalukarkeun ma'nana ogé salah. Rata-rata peunteun kamampuh nulis dina aspek basa nya éta 2,4 (Sedeng-Cukup). Hartina, siswa masih kénéh hésé dina maké jeung nyusun kalimah sederhana, kasalahan tata basa, ma'nana ngabingungkeun. Rata-rata peunteun kamampuh nulis dina aspek mékanik nya éta 2,2 (Sedeng-Cukup). Hartina, siswa kurang ngawasa aturan panulisan, remen kajadian salah éjahan, ma'nana ngabingungkeun.
- 2) Rata-rata peunteun *posttest* kamampuh nulis dina aspék eusi nyaéta 3,45 (Cukup-Hadé). Hartina, siswa geus maham pisan mekarkeun kecap koncina relavan atawa luyu jeung judul, tapi pasoalan nu dipedar kurang lengkep. Rata-rata peunteun kamampuh nulis dina aspek organisasi nya éta 3,25 (Cukup-Hadé). Hartina, éksprési siswa kurang lancar, kurang kaorganisir, tapi gagasan utama jéntré, kurang rapih, bahan anu ngarojong kawatesanan, runtuyan logis tapi teu lengkep. Rata-rata peunteun kamampuh nulis dina

aspek kosa kecap nya éta 2,7 (Cukup-Hadé). Hartina, kosa kecap kurang jembar, kurang éféktif, kadang-kadang ngungkabkeun kecapna kurang.

- 3) Rata-rata peunteun kamampuh nulis dina aspek basa nya éta 2,85 (Cukup-Hadé). Hartina, siswa geus bisa maké jeung nyusun kalimah sarta kecapna sederhana, saeutik kasalahan tata basa, jeung teu ngaleungitkeun ma'na. Rata-rata peunteun kamampuh nulis dina aspek mékanik nya éta 2,75 (Cukup-Hadé). Hartina, siswa kurang ngawasa aturan panulisan, kadang-kadang n salah éjahan, tapi teu ngarobah ma'na.
- 4) Aya béda anu signifikan anatar hasil *pretest* jeung *posttest* kamampuh nulis bahasan budaya siswa VIII F SMP Negeri 5 Bandung taun ajaran 2016/2017 dibuktikeun ku uji gain. Hasil tina uji gain nya éta kamampuh *pretest* rata-rata 40% ngaronjat nalika *posttest* jadi 65%. Jadi pangaruh aplikasi LMS Edmodo kamampuh nulis bahasan budaya siswa VIII F SMP Negeri 5 Bandung taun ajaran 2016/2017 nyaéta 25%. Hartina aya béda anu signifikan antara *pretest* jeung *posttest*. Tina hasil panalungtikan katitén $X_{pretest}(65,25) \neq X_{posttest}(75)$, hartina yén aya béda anu signifikan antara jumlah rata-rata *pretest* jeung jumlah rata-rata *posttest*. Ogé dirojong ku hasil tina uji hipotésis katitén yén t_{tabel} tina db (19) kalayan kapercayaan 99% 2,51, ari jumlah t_{itung} nyaéta 5,44. Dumasar kana pedaran uji hipotésis, bisa dicindekeun yén $t_{itung} > t_{tabel}$ nyaéta $5,44 > 2,51$ anu hartina hipotésis alternatif (H_a) ditarima sarta hipotésis nol (H_0) ditolak. Ieu hal némbongkeun yén aplikasi LMS Edmodo bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis bahasan budaya siswa kelas VIII F SMP Negeri 5 Bandung taun ajaran 2016/2017.

5.2 Implikasi

Aplikasi LMS Edmodo dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis bahsan budaya. Larapna ieu Aplikasi meunang sawangan positif ti siswa jeung guru. Ieu hal dilantarankeun prak-prakan Aplikasi LMS Edmodo anu ngirut jeung pikaresepeun. Salian ti éta, Aplikasi LMS Edmodo miboga poténsi pikeun numuwuhkeun kaparigelan dina mekarkeun pamikiran siswa ku cara diskusi ngaliwata ieu aplikasi, sangkan teu heureut dina ngébréhkeun naon anu aya dina pikiranana. Guru jeung siswa bisa ngalaksanakeun kagiatan diajar ngajar di luar

kelas sacara *online*. Ku kituna, ieu aplikasi miboga poténsi pikeun ngeuyeuban pangaweruh siswa ngeunaan bahasan budaya sarta informasi di luar kelas.

5.3 Rékoméndasi

Tina hasil ieu panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu baris ditepikeun ku panalungtik. Éta rékoméndasi saperti ieu di handap.

- 1) Ku sabab hasil panalungtikan nétélakeun yén aplikasi LMS Edmodo mampu ngaronjatkeun kamampuh nulis bahasan budaya. Ku kituna, aplikasi LMS Edmodo dirékoméndasikeun pikeun dijadikeun alternatif média pangajaran.
- 2) Lantaran ieu panalungtikan ngeunaan aplikasi LMS Edmodo dina pangajaran nulis bahasan budaya di SMP maké métodeu kuasi ékspérimén, kudu aya deui panalungtikan séjén ngeunaan aplikasi LMS Edmodo liaanna sangkan leuwih jembar.
- 3) Saumpama maké aplikasi LMS Edmodo di sakola, pastikeun unggal sakola nyadiakeun fasilitas internet anu hadé sarta pastikeun unggal siswa *log in* kana group kelas anu disadiakeun ku guru.